

liv plantè pyebwā



PADF
FONDASYON PANAMERIKEN DEVELOPMAN
PWOJE PYEBWA

Liv sa depoze nan Bibliyotèk Nasyonal
4yèm trimès 1985
li fin fèt nan mwa desanm 1985

IMPRESSIONS MAGIQUES
Pòtoprens, Ayiti

Yo revize ak korije
2yèm Pyblikasyon sa a ki fin fèt
nan mwa fevriye 1987

ENTWODIKSYON

ti liv sa a, se yon gid pou tout moun
ki enterese nan zafè pyebwa.

lap sèvi pou moun ki pokò janm plante pyebwa

lap sèvi pou moun ki pral kòmanse plante pyebwa

lap sèvi tou pou moun ki gen kèk sezon depi yo ap plante

andedan liv la, nap jwenn kèk enfomasyon ak konsèy.

sa va pèmèt nou konnen pi bon fason

pou nou kondwi yon plantasyon bwa.

konsa, nou va jwenn plis garanti






nan jaden bwa nou.

bwa se yon gwo danre

1

- ou rekòlte bwa pou fè planch
- ou rekòlte bwa pou fè poto
- ou rekòlte bwa pou fè ganiti kay
- ou rekòlte bwa pou fè chabon
- ou rekòlte bwa pou fè anpil lòt bagay
- ou rekòlte bwa pou fè lajan

1



moun ki plante bwa
se limenm ki mèt bwa a

lè li rekölte bwa a

li kapab fè sa li vle avek li

2



se yon avantaj bab e moustach

lè bwa kiltive

ansanm ak lot danre



3

pyebwa gen anpil itilite


menm anvan nou rekولte li

pyebwa kenbe frechè nan tè
pyebwa pwcteje tè nou

rasin li kenbe tè

fèy bwa tounen fimye pou grese tè

rasin bwa fè chemen pou dlo ak lè rantre



chwazi nan ki fason
nap plante pyebwa
nou ka plante sou lizyè

5




chwazi nan ki fason
nap plante pyebwa

nou ka kouri kèk ranje nan jaden

nan tè mòn, Kouri ranje yo antravè

6




chwazi nan ki fason
nap plante pyebwa

7

nou ka kouvri yon moso tè net
avek pyebwa




plante ti pyebwa yo
menm jou ou resevwa yo
pa plante anba gwo soley



pa plante bwa yo trò dri

bay chak pyebwa

yon distans 3 pa konsa



fouye yon bon twou

10

fondè twou a menm longè ak pye yon grammoun

lajè twou a menm longè ak pye yon grammoun




10

nan chak twou


plante yon sel pyebwa

byen dwat



plante ti pyebwa yo raz

men fok ti tè ki kenbe rasin yo
pa parèt deyò



lè ou fini plante
byen peze tè a

kite yon ti basen




mete pay nan basen an

pou kenbe tè a fre nan rasin bwaa




make ti pyebwa yo

ak pikèt oubyen ak roch
oubyen ak nenpòt lòt bagay
ou ka jwenn.



byen rouze chak pyebwa

si lapli pokonbe



ki swen bwa yo bezwen

ti pyebwa yo bezwen **sakle**
pou zèb pa touye yo
pou yo kapab byen devlope


jenn bwa yo bezwen **debranche**
pou yo kapab grandi byen dwat



teknik pou sakle

sakle toutotou ti pyebwa a
dekwa pou li rete nan mitan
yon wonn byen pwðp

wonn sa a kapab genyen lajè yon pa konsa



Teknik pou debranche

- komanse debranche pa anba
- pinga debranche rive mwatye nan wotè pyebwa a
- voye kout manchèt yo pa anba
pou ekòs bwa a pa chire
- sèvi ak yon manchèt byen file






Kaliptis



Kazwarina



Akasya



Kasya



Lesena



Nim.

KONKLIZYON

Plantè ki swiv konsèy sa yo, li gen plis chans pou li fè yon
pi bon rekòt bwa. Si sechrès touye tout jaden, se nan bwa li ka
fè lajan.

Menm jan se lè kabwèt kole ou konnen non bèf ou, menm jan bwa se
bwat sekrè plantè bwa a.